



**c. Responsablite nou.**

**Si nou Pa fè yon Tranzaksyon.** Si nou pa fè yon transfè nan Kont ou oswa apatide Kont ou atan oswa nan montan ki kòrèk dapre Akò sa a, nou pral responsab pou pèt ou oswa domaj ou. Men, gen kèk eksepsyon. Nou pa pral responsab, pa egzanp:

(a) Si, san se pa fòt nou, ou pa gen ase lajan nan Kont ou pou fè tranzaksyon an;

(b) Si ATM kote w ap fè tranzaksyon an pa gen ase lajan kach;

(c) Si ATM oswa tèminal POS la pa te fonksyone byen epi ou te konnen pàn nan liè ou te kòmanse tranzaksyon an;

(d) Si sikonstans ki depase kontwòl nou (tankou blakawout, pàn ekipman, dife oswa inondasyon) anpeche tranzaksyon an, malgre prekosyon rezonab nou te pran; oswa

(e) Si te gen rapò ke Kat ou oswa PIN ou pèdi oswa yo vòlè yo, oubyen yo sispèk sa rive, epi nou te pran aksyon pou anpeche tranzaksyon ak Kat ou oswa PIN ou.

**d. Rezolisyon Erè.**

**Nan Ka Erè oswa Kesyon Konsènan Tranzaksyon ou yo:**

### DETANTÈ KAT KI PA RESEVWA ETADKONT MANSYÈL KONT YO PA LAPÒS

Telefone Sant Sèvis Kliyan Kat Debi Sipò Timoun New York nan: 1.844.323.7637, 1.866.656.5913 TTY, oubyen 423.262.1650 (pou apèl kòlèk, lè w ap rele andeyò Etazini).

Oswa ekri nou nan:

Bank of America New York Child Support Debit Card Cardholder Services

P.O. Box 8488

Gray, Tennessee 37615-8488

Rele nou oubyen ekri nou sito w kapab, si w panse gen yon erè ki fèt nan Kont ou an. Nou dwe pèmèt ou fè rapò yon ère jòuk rive 60 jou apre dat ki pi bonè nan dat ou te jwenn aksè elektwonikman nan Kont ou si ou te kapab wè erè a nan istwa elektwonik ou oswa dat nou te voye PREMYE istwa alekri kote erè a parèt la. Ou ka mande yon istwa alekri pou tranzaksyon ou nenpòt kilè si w rele nou nan 1.844.323.7637, 1.866.656.5913 TTY, oswa 423.262.1650 (pou apèl kòlèk, lè w ap rele andeyò Etazini), oswa si w ekri nou nan Bank of America New York Child Support Debit Card Cardholder Services, P.O. Box 8488, Gray, Tennessee 37615-8488. W ap gen pou di nou:

(a) Non ou ak nimewo kont Kat ou.

(b) Poukisa ou kwè gen yon erè, ak montan lajan ki gen erè a.

(c) Apeprè kilè erè a te fèt.

Si w di nou sa nan bouch, nou gendwa egzije ou voye plent oswa kesyon w lan ban nou alekri anvan 10 jou ouvrab fin pase. Apre ou fin kominike ak nou, anvan 10 jou ouvrab fin pase n ap detèmine èske te gen yon erè, epi n ap korije nenpòt erè touswit. Men, si nou bezwen plis tan, nou ka pran jiska 45 jou pou mennen ankèt sou plent oswa kesyon w lan. Si nou deside fè sa, anvan 10 jou ouvrab fin pase n ap depoze nan Kont ou an montan ou panse ki gen erè ladan an, dekwa pou w gen lajan an pandan tan nou bezwen pou fini ankèt la. Si nou mande w mete plent oswa kesyon w lan alekri epi nou pa resevwa li anvan 10 jou ouvrab fin pase, nou ka depoze montan an sou Kont ou an.

Pou erè ki konsènen nouvo kont, POS, oswa tranzaksyon ki kòmanse aletranje, nou ka pran jiska 90 jou pou mennen ankèt sou plent oswa kesyon w lan. Pou nouvo kont yo, nou ka pran jiska 20 jou ouvrab pou depoze nan Kont ou an montan ou panse ki gen erè ladan an. Apre nou fini ak ankèt la, n ap di w rezilta yo anvan twa jou ouvrab fin pase. Si nou deside ke pa te gen ankenn erè, n ap voye yon eksplikasyon alekri ba ou. Ou ka mande kopi dokiman nou te itilize nan ankèt la. Si ou bezwen plis enfòmasyon sou pwosedi nou an pou rezolisyon erè, rele nou nan 1.844.323.7637, 1.866.656.5913 TTY, oswa 423.262.1650 (pou apèl kòlèk, lè w ap rele andeyò Etazini), oswa si w ekri nou nan Bank of America New York Child Support Debit Card Cardholder Services, P.O. Box 8488, Gray, Tennessee 37615-8488.

#### DETANTÈ KAT KI RESEVWA ETADKONT MANSYÈL KONT YO PA LAPÒS

Telefone Sant Sèvis Kliyan Kat Debi Sipò Timoun New York nan: 1.844.323.7637, 1.866.656.5913 TTY, oubyen 423.262.1650 (pou apèl kòlèk, lè w ap rele andeyò Etazini)

Oswa ekri nou nan:

Bank of America New York Child Support Debit Card Cardholder Services

P.O. Box 8488

Gray, Tennessee 37615-8488

Rele oswa ekri sito ou kapab si ou panse etadkont mansyèl Kont ou oswa resi a pa bon oswa si ou bezwen plis enfòmasyon sou yon tranzaksyon ki make nan etadkont ou oubyen resi ou. Nou dwe tande ou oplita nan 60 jou apre nou te voye PREMYE etadkont kote pwoblèm oswa erè a parèt la.

(a) Di nou non ou ak nimewo kont Kat ou.

(b) Dekri erè oswa tranzaksyon ou pa fin sèten sou li a, epi eksplike byen akèlè nan mezi ou kapab poukisa ou kwè sa se yon erè oswa poukisa ou bezwen plis enfòmasyon.

(c) Di nou montan an dola pou erè ou sispèk la.

Si w di nou sa nan bouch, nou gendwa egzije ou voye plent oswa kesyon w lan ban nou alekri anvan 10 jou ouvrab fin pase.

Apre ou fin kominike ak nou, anvan 10 jou ouvrab fin pase n ap detèmine èske te gen yon erè, epi n ap korije nenpòt erè touswit. Men, si nou bezwen plis tan, nou ka pran jiska 45 jou pou mennen ankèt sou plent oswa kesyon w lan. Si nou deside fè sa, anvan 10 jou ouvrab fin pase n ap depoze nan Kont ou an montan ou panse ki gen erè ladan an, dekwa pou w gen mwayen sèvi ak lajan an pandan tan nou bezwen pou fini ankèt la. Si nou mande w mete plent oswa kesyon w lan alekri epi nou pa resevwa li anvan 10 jou ouvrab fin pase, nou ka pa depoze montan an sou Kont ou an.

Pou erè ki konsènen nouvo kont, POS, oswa tranzaksyon ki kòmanse aletranje, nou ka pran jiska 90 jou pou mennen ankèt sou plent oswa kesyon w lan. Pou nouvo kont yo, nou ka pran jiska 20 jou ouvrab pou depoze nan Kont ou an montan ou panse ki gen erè ladan an. Apre nou fini ak ankèt la, n ap di w rezilta yo anvan twa jou ouvrab fin pase. Si nou deside ke pa te gen ankenn erè, n ap voye yon eksplikasyon alekri ba ou. Ou ka mande kopi dokiman yo te itilize nan ankèt la.

**10. Tranzaksyon Otorize annavans.**

**Dwa pou Estope Peman ak Pwosedi pou Fè Sa.** Si ou te di nou alavans pou fè peman regilye apati Kont ou, ou ka estope nenpòt nan peman sa yo. Men kòman:

Rele nou nan 1.844.323.7637, 1.866.656.5913 TTY, oswa 423.262.1650 (pou apèl kòlèk, lè w ap rele andeyò Etazini), oswa ekri nou nan: Bank of America New York Child Support Debit Card Cardholder Services, P.O. Box 8488, Gray, Tennessee 37615-8488, atan pou nou resevwa demann ou an twa jou ouvraj oswa plis anvan peman an pwograme pou fèt. Si ou rele, nou ka mande tou pou ou mete demann ou an alekri epi voye li pou nou nan lespas 14 jou apre ou fin rele.

**Avi sou Montan ki diferan.** Si peman regilye sa yo ka gen montan diferan, moun ou pral peye a ap fè w konnen sa, 10 jou anvan chak peman, kilè li pral fèt ak konbyen lajan li pral ye.

**Responsablite nou Si nou Pa Estope Peman Transfè ki Otorize Annavans.** Si ou ban nou lòd pou nou estope youn nan peman sa yo twa jou ouvrab oswa plis anvan transfè a pwograme, epi nou pa fè sa, nou pral responsab pou pèt ou oswa domaj ou

**11. Vi prive**

Nan kad kreyasyon Kont ou, ou pral resevwa ak Kat ou an yon kopi Avi sou enfòmasyon prive Kat Peye annavans ki abòde anjeneral politik nou pou tretman ak divilgasyon enfòmasyon pou Kat ou. Ou kapab gade Avi nou sou Enfòmasyon prive pou Kat peye annavans la nan www.bankofamerica.com/prepaidprivacy. Pou sa ki konsènen nenpòt enfòmasyon nou kolekte nan men ou akòz Kat ou an, n ap pataje sèlman enfòmasyon ki gen rapò ak Kont ou, detanzantan, dapre nenpòt lwa sou konfidansyalite finansye oswa lòt lwa oswa règleman ki aplike pou sa, (a) lè li nesèsè pou fè tranzaksyon; (a) pou reponn nenpòt sitasyon, manda, lòd tribinal oswa administratif, oswa lòt pwosesis legal ke nou kwè nou gen obligasyon respekte; (c) anrapò avèk koleksyon det oswa pou fè rapò pèt nou fè; (d) an konfòmite ak nenpòt akò ant noumenm ak yon òganis pwofesyonèl, reglemantè oswa disiplinè; (e) anrapò avèk posiblite lavant biznis; ak (f) ba sèvis founisè ki ede nou satisfè bezwen ou lè yo ede nou bay sèvis yo dapre Akò sa a.

**12. Anrejistreman ak Siveyans Koutfil.**

Nou ka anrejistre oswa kontwole apèl nan telefòn ant oumenm ak noumenm. Nou pa bezwen fè ou sonje anrejistreman oswa siveyans lan anvan chak apèl sof si lalwa oblije nou fè sa.

**13. Amanman/Anilasyon.**

**Amanman:** Nenpòt kilè, nou ka chanje kondisyon jeneral yo nan Akò sa a, ankontan montan nenpòt frè. Nou ka ajoute nouvo kondisyon jeneral epi nou ka efase oswa chanje kondisyon jeneral ki deja egziste yo. Anjeneral, nou voye avi ba ou alavans pou yon chanjman ki pa anfavè ou. Men, si yon chanjman pa negatif pou ou, nou ka fè chanjman an nenpòt kilè san avètisman davans. Si ou pa dakò ak chanjman an, ou ka fèmen Kont ou an. Men, si ou kontinye sèvi ak Kont ou an oswa ou kenbe li ouvri, ou akseptè epi ou dakò ak chanjman an.

**Fèmti oswa Sispansyon nou fè pou Kont ou an.** Nou ka fèmen oswa sispann Kont ou nenpòt kilè. Kat Ou an rete pwopriyete nou. Nou ka anile dwa pou ou sèvi ak Kat ou an nenpòt kilè. Depi Kont ou an fèmen, ou dakò pou w sispann sèvi avèk Kat ou an. Si nou fèmen Kont ou, si nou deside sa, nou ka aplike balans ki rete a nan yon nouvo kont pou avantaj ou. Si ou pa te depanse balans ki rete a anvan fèmti Kont lan, ou kapab kontakte Sant Sèvis Kliyan Kat Debi Sipò Timoun New York pou mande yon chèk pou balans ki rete a.

**Fèmti Kont ou an Oumenm.** Si, nan moman ou fèmen Kont ou an, tout tranzaksyon yo fin pase epi pa gen balans ki rete, Kont ou an ap fèmen pou pa gen itilizasyon ankò. Si gen yon balans ki rete, ou ka itilize Kat ou an pou fè balans lan rive nan zewo anvan fèmti Kont ou an. Lòt chwa, ou ka kontakte Sant Sèvis Kliyan Kat Debi Sipò Timoun New York pou mande yon chèk pou balans ki rete nan Kont ou an. Ou byen konprann ou responsab pou balans negatif ki rive apre avi fèmti ou an nan menm mezi ak kondisyon ki prewwa nan Akò sa a pou yon Kont ki louvri. Ou dakò detwi Kat ou an apre Kont ou an fèmen.

**14. Pwopriyete ki pa Reklame.**

Nenpòt rès balans ki pa reklame pral rapòte ak transfere ba eta apwopriye a kòm yon pwopriyete ki pa reklame jan lwa eta a egzije li apre yon peryòd tan ki defini nan lwa eta a. Apre nou fin remèt eta a lajan an, nou pa gen okenn lòt responsabilite anwè ou pou lajan an epi ou dwe aplike nan ajans apwopriye eta a pou reklame lajan ou.

**15. Dwa Aplikab/Divizibilite.**

Akò sa a ap anba kontwòl lwa ak règleman Etazini, epi, nan mezi li pa kouvri nan fason sa, l ap anba kontwòl lwa ak règleman Eta North Carolina. Yon dezisyon ki deklare nenpòt pati nan Akò sa a pa valab oswa pa aplikab pa pral afekte rès Akò sa a.

**16. Dokiman Kontwòl ann Anglè..**

Kòm yon sèvis nou gendwa ba ou si ou fè demann lan, nou ka kominike ou sèten enfòmasyon ak Panyòl. Nenpòt klarifikasyon legal ki ka bezwen fèt ap baze sou itilizasyon ak aplikasyon vèsyon ann Anglè yo, ankontan Akò sa a ak Lis Frè a, men se pa sa sèlman.

#### Lis Frè Bank yo

Lè gen tranzaksyon ki fèt, y ap chaje Kont ou an chak jou pou Frè Labank pou tranzaksyon Kat Debi Sipò Timoun New York.

SÈVIS KI PA GEN FRÈ	
Tranzaksyon Acha	Frè
Acha kay Komèsan (siyen, sèvi avèk PIN, sou entènèt, acha nan telefòn oswa pa lapòs)	Pa gen Frè
Tranzaksyon ATM*	Frè
Tcheke Balans nan ATM (tout ATM yo)	Pa gen Frè
Tranzaksyon ki Refize (ATM yo sèlman)	Pa gen Frè
Lòt Sèvis	Frè
Aksè kote Kesye (Disponib nan enstitisyon finansye ki akseptè kat Mastercard) (Limit la se balans ki disponib la sèlman)	Pa gen Frè
Demann ransèyman Sèvis Kliyan Sou entènèt, Otomatik, An dirèk oswa Entènasyonal	Pa gen Frè
Sèvis ALèt pou Kont	Pa gen Frè
Transfere Lajan sou Entènèt	Pa gen Frè
Etadkont Labank Pa lapòs	Pa gen Frè
Frè pou Tranzaksyon Entènasyonal	Pa gen Frè
Bay yon Chèk nan Fèmti Kont	Pa gen Frè

SÈVIS KI GEN FRÈ	
Tranzaksyon ATM*	Frè
Retrè Bank of America oswa Allpoint ATM (Ozetazini)	De (2) gratis chak mwa, apres a \$0.50
Retrè nan ATM ki pa pou Bank of America oswa ki pa pou Allpoint (Ozetazini)	\$0.50 pou chak tranzaksyon
Retrè nan ATM Entènasyonal (tout ATM andeyò Etazini yo)	\$0.50 pou chak tranzaksyon
Lòt Sèvis	Frè
Ranplasman Kat (Ozetazini)	Pa gen frè pou premye ranplasman an chak ane, apres a \$5.00
Ranplasman Kat — Livrezon Express (chaj anplis)	\$12.50 pou chak demann

\*Pwopriyete ATM yo gendwa mete yon “frè sèvis” oswa “frè sichaj” pou sèten tranzaksyon nan ATM (yo dwe afiche yon siy nan ATM nan pou montre frè anplis yo); men, yo pa pral chaje w okenn frè sèvis oswa frè sichaj anplis nan yon ATM Bank of America oswa Allpoint. Yon ATM Bank of America oswa Allpoint vle di yon ATM ki afiche akèlè non ak logo Bank of America oswa Allpoint. Li gendwa pa disponib pou tcheke balans nan tout ATM andeyò Etazini yo.

Yon Refi tranzaksyon ATM rive lè ou mande yon montan ki pi gwo pase balans ou, oswa ou antre PIN ou mal plis pase kat fwa.

Remak: Pou nenpòt kesyon ki gen rapò ak lis frè ki anwo a, tanpri rele Sant Sèvis Kliyan Kat Debi Sipò Timoun New York nan 1.844.323.7637, 1.866.656.5913 TTY, oubyen 423.262.1650 (pou apèl kòlèk, lè w ap rele andeyò Etazini). Pou nenpòt kesyon konsènan peman sipò timoun ou yo, tanpri kontakte Sèvis asistans nan telefòn pou Sipò Timoun Eta New York nan 1.888.208.4485 (TTY 1.866.875.9975).

Se Bank of America, N.A. ki emèt kat debi sa a, dapre yon lisans nan men Mastercard International Incorporated. Mastercard se yon mak depoze Mastercard International Incorporated



DPP-046526

# Bank of America

# Nouvo Kat Debi Sipò Timoun New York Akò Depo

*Dat antre anvigè: 1 me 2017*



DPP-046526